

#### **SS.7.C.2.2**

*Evalye obligasyon sitwayen yo genyen pou obeyi lalwa, peye taks, defann peyi a, ak sèvi pou jiri.*

##### **Epitou Evalye**

**SS.7.C.2.3** - Eksperyans responsablite sitwayen yo nan nivo lokal la, eta a, oswa nivo federal la

**SS.7.C.2.14** - Fè yon pwojè sèvis pou kontinye ak byennèt publik la

**SS.7.C.2.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo ap evalye obligasyon yo ak/oswa responsablite sitwayen yo kòm yo gen rapò ak patisipasyon aktif nan sosyete a ak gouvènman an.

Chak **sitwayen** gen sèten **obligasyon** debaz ak **responsablite** ki gen rapò ak patisipasyon aktif nan sosyete a ak gouvènman an. Patisipasyon aktif ede ankouraje **byennèt komen**.

Patisipasyon aktif vini nan plizyè fòm diferan ki enkli ni obligasyon ak responsablite yo. Obeyi lwa yo, enskri pou **sèvis selektif**, defann nasyon nou an, sèvi pou jiri, ak peye taks, yo tout se obligasyon osi byen ke egzanp sou patisipasyon aktif nan sosyete a ak gouvènman an.

Enskri pou vote, asiste reyinyon sivik, rantre jwenn gwoup enterè yo, rantre jwenn yon pati politik, kadida pou pòs politik, ak petisyon gouvènman an, yo tout se responsablite yon bon sitwayen osi byen ke egzanp sou patisipasyon aktif nan sosyete a ak gouvènman an.

**Byennèt komen** - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominote a olye ke se enterè endividyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt publik la

**obligasyon** - yon egijians, yon bagay yon moun dwe fè

**responsablite** - yon bagay yon moun ta dwe fè

**sèvis selektif** – yon sistèm kote ke gason ki gen 18 jiska 25 kan anrejistre avèk gouvènman Etazini an pou sèvis militè posib

**sitwayen** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi